


Strep Gwoup B (Group B Strep, GBS) la ak Gwosès

Kisa Strep Gwoup B (Group B Strep, GBS) a ye?

- Strep Gwoup B (Group B Strep, GBS) a se yon kalite bakteri (jèm) k ap viv nan kò a. Yo ka jwenn GBS la nan vajen an ak nan dèyè. GBS **pa yon** STI (yon enfeksyon ou pran nan fè bagay).
- Dabitid, GBS pa lakoz gwo maladi. Kèk moun ka genyen bakteri GBS la nan kò yo, epi yo pa montre sentòm yo.

Ki efè GBS la ap fè sou mwen si mwen ansent?

- Majorite moun ki ansent ak bakteri GBS la nan kò yo pa genyen sentòm yo, yo pa genyen pwoblèm sante. Sepandan, pafwa GBS la kapab lakoz enfeksyon nan matris la oswa nan aparèy irinè a (ògàn nan kò a ki pwodwi, kenbe, epi jete pipi an).
- Si yon moun gen GBS la nan ta pandan gwosès li, gen chans pou li bay ti bebe a li nan akouchman.



Ki efè GBS la fè sou ti bebe m nan?

Gen 2 kalite enfeksyon GBS ti bebe ki fenk fèt yo ka pran. Toude kalite yo ka grav.

- **Enfeksyon ki la depi nan vant yo** manifeste pandan premye semenn apre akouchman an (dabitid nan premye 24-48 è yo). Bebe a ka pran enfeksyon sa yo pandan l ap fèt.
 - Si yon bebe fèt anvan 37 semenn, li ka genyen plis risk pou li vin enfekte.
 - Enfeksyon sa yo ka vin bay gwo pwoblèm sante, tankou enfeksyon nan poumon ak nan san, ak menenjit (yon enfeksyon ki fè sèvo a anfle).
- **Enfeksyon ki la annapre yo** manifeste apre 6 premye jou akouchman. Ti bebe a ka pran enfeksyon sa yo pandan l ap fèt oswa lè li touche ak yon moun ki genyen GBS la.
 - Siy enfeksyon ti bebe a pran annapre yo genyen ladan yo: lantè oswa manke vivan, gwo fyèv, pa sou manje, ak vomisman. Si ti bebe w la gen nenpòt nan sentòm sa yo, rele doktè l la touswit.
 - Enfeksyon sa yo ka vin bay gwo pwoblèm sante, tankou menenjit ak maladi poumon.

Èske gen prevansyon kont enfeksyon sa yo?

Analiz ak tretman ka anpeche ti bebe w la pran enfeksyon bone.

- Ou ka teste pou GBS la nan ta pandan gwosès ou an (ant 35 ak 37 semenn). Doktè w la ap pran yon echantyon nan vajen w ak nan dèyè w pou l wè si ou genyen GBS.
- Si tès la montre ou gen GBS, gen anpil chans pou yo ba ou antibiotik (medikaman k ap ede w trete enfeksyon yo). Medikaman sa yo ap fè efè sèlman si ou pran yo pandan akouchman.

Pale ak pwofesyonèl swen sante CHN ou an si w gen plis kesyon!